

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon M. Sahari - Bogor Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadja Tjiamis. Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoen dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjatak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Table with subscription rates: LANGGANAN (3 sasib f 1,50), Redactie (Heerenstraat 31), Redakteur (SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA), Directie (Administratie), and Pangaos ADVERTENTIE.

Wartos ti Directie. Postwissel sareng artos advertentie adreskeun ka „Sipatahoenan“ bae oelah nganggo Administratie atanapi Administrateur.

Directie.

Kaajaan Sipatahoenan.

Sipatahoenan ngawitan dikaloearkeun dina waktos malaise, tigerat sagala roepa sesah kahiropan. taja pagawean, margi waktos bezuininging tea. Nanging koe margi seuseurna orang Soenda noe parantos eungkeut eungkeut resep kana matja, nampina Sipatahoenan, kalajan ka goembiraan nja ten woedoe pangbatue ti mana mendi teu kirang-kirang boh tanaga, nja eta karangan, boh artos. Seueur noe majar sataoeneun, komo noe majar sakwartaleun mah. Maksadna ngaloearkeun Sipatahoenan teh sanes pisan ngilari kaentoengan atanapi ngoempoekeun modal tina artos kekeuinguan ti Sipatahoenan tea. Asal koran kabitja koe seuseurna orang Soenda sareng Sipatahoenan tiasa mangjang benteu poet-pot kaloearna, bestuur Pasoendan Tasikmalaja parantos pirang-pirang kabingahan. Soegan sareng soegan koe ajana koran Soenda, koran basa Soenda, orang Soenda langkoeng woewoeh resep kana boetjoe-batja, langkoeng resep kana koeroeng karang neubongkeun karep sareng kahojong atanapi ngadardarkeun tjita-tjita, tjek omongan djaman ajeuna mah. Seueur pisan maksadna mah „Sipatahoenan“ teh, hojong ngamadjeungkeun economie na orang priboei, hojong ngadjoeng-djoeng daradjat martabatna orang priboei, hojong mere djalan ka soimah, koemaha prak prakana miloe tjampoer ngahuejuk dajeh, roemodjong saeutik keun ngamadjeungkeun pangartina orang priboei sareng naon bae noe katimbang perloe sareng sae keur orang priboei. Tah ari maksad mah teu kinten seuseurna. Noe njimpen sareng ngaloearkeun Sipatahoenan teu pisan-pisan ngaroes paham, atanapi pinter tina sagala roepi babakna tina bab noe kasebat di loehoer, nanging nja eta koemargi pertjante bakal kenging bantoean ti djoeragan<sup>2</sup> noe parantos genteng kadekna legok tapakna, nja eta noe parantos rada madjong saeutik boh pangartina boh panemoena ti somah biasa. Djadi mianangka „Sipatahoenan“ teh njajigikeun tempat angg-eun mere njaho ti noe njaho ka noe teu njaho. Nja teu woedoe oge aja hidji doa bangsa orang noe kerna ngahadiahkeun tanagana, njerat tjita-tjitana ata nabi nembongkeun panemoena jina Sipatahoenan. Ngan eta seuseurna mah, pohara noe palinter siga teu malire pisan ka Sipatahoenan teh, toerta oepami koe orang diuitip-tip koran Soenda ajeuna teh teu welas-welas atjan komo poeloeh mah. Orang Soenda noe reana 9 malioen leuwih teu atjan boga hidji-hidji atjan koran poean. Emh, na katjida teuing. Geuning ari orang Nederland mah noe reana ngan oekoer leuwih bae ti 7 malioen, koranna, poestaka mangsana lain bae poeloeh tapi rataes rataes meh teu kabiliang, da bedjana meh oenggal desa noe rada gede pada ngaloearkeun koran desa (dorpskrant). Sipatahoenan ari maksad mah teu pisan-pisan bade njarioskeun sagala

roepi kaajaan Tasikmalaja atanapi Priangan woengkoel, nanging hajang ngaloeatkeun sagala roepi noe aja mangpaatna keur noe seueur sareng diwoewoeh koe kabar saeutik-saeutik ti oenggal oenggal tempat sajaktoesna Sip. teh dikaloearkeunana pantessna di Bandoeng, possoerna orang Soenda, kota gede Parisna Indonesia. Nanging nja eta oepami dikaloearkeun di Bandoeng teh teu kiat koe ongkos ma'loem di kota gede sagala roepi mahal, meureun pangmirabna oge pangaos sakwartaal f 250. Koe Sip. dikaloearkeun di Tasikmalaja nja pangaos langganana tiasa sakwartaal f 150. Nanging da ari ensi mah di Bandoeng atanapi di Tasikmalaja maal benteu, da ajeuna oge apant teu kirang-kirang karangan ti Bandoeng. Djadi noe mawi dikaloearkeun koe Pasoendan di Tasik woteh soepalos eta bae waragadna rada enteng, da ari eusi mah kadjeun teuing dikaloearkeun dipoejoekeun gonggong oge bade penting mah penting bae. Koemaha da oepami mahal-mahal mah waragadna maal tiasa hiroep Sip. teh Beurakaja deui sapertos koran Walanda seueur kengingua tina advertentie. Advertentie nganoehoeneun wih parantos sami ngalajah dina waktos kapapatanan oge ongkosna parantos f 3. Lah teu pira moeng opat djadjar seuseurna, nanging ongkosna f 9. Djadi koran Walanda mah kadjeun teuing gede waragadna da gede deui beubeumangauana, babakoeuna tina advertentie. Nepi ka doeit langganana mah di koran Walanda, dipake loe loemajaan bae keur nambah-nambah kaentoengan (dividend) ka aandeel houder, da ari waragad njitak djeung ongkos sagala roepa mah geus kaboeal koe advertentie. Koemaha ari koran priboei, Sip. oepamina. Nja seueur oge noe moeat advertentie nanging koemaha bajaranana? Keur saeutik teh ongkosna sakapeung mah tara dibajar pisan. Teuingteuingeun, ditagih euweuh dja warbna. Maal hade dikomahakeun. Dioreoskeun ka bakim ngerakoeun bisi disiboet pidoeit pisan. Kadjeun teuing disibatkeun dina hoeloena advertentie majar ti pajoen nanging ari dina prakna mah di manamana. Oge majarna sok pandeuri. Ari uinggang di noe litjik, djol ngirimkeun soerat bae djaoeh-djaoeh ti Soematra menta disoepkeun advertentie, tapi ari ditanjakeun iraha rek majar teu aja djawab-djawaba atjan Meureun tjek pikirna: „Geura soesoel djaoeh teuh aing mah di Soematra.“ Njamos ngegel tjeroek ari dibobodo koe noe kitoe mah. Aja deui noe sok majar advertentie koe boeko. Atoeh noe kieu mah mere langgir kalieun bae. Mending-mending oepami enggal pajoe eta boeko didjoelana, ari teu pajoe, nja kantoen ngegel tjeroek. Kapaloen mah oepami noe malar advertentie koe boe koe teh, teu tiasa ngadjoelana sok laleungit teu poegoe bae. Djadi ari di koran priboei mah oepami sanes tina artos langganana. teu aja pisan anggoeun ongkos koran teh. Ari ajeuna langganana „Sipatahoenan“ teh roepina seueur noe boson majar da boektina seueur noe noenggak. Tjik atoeh para djoeragan perloekeun majar, oelah teu tjeshan, oelah ngau resep sakali doa kali bae majar. teh, apan koran teh kahojong mah hiroep sakalamina oelah kakara sataoen doa taoen geus pash goeloeng liker riringkes, ngerakoeun koe deungeun-deungeun bisi pada njeungeur. rikeun. Pirakoe djadi kaobotan pisan

majar tiloe sasib sakali f 150. Geuning eta di Bandoeng ari kana lalajo mah sakali saroepea oge teu asasa. Eta teh moeng keur karesapan woengkoel, da mangpaatna mah teu aja. Oepami artos djoeragan dikintoekeun kana langganana Sip. mah, eta artos aja mangpaatna keur kaperloeau oemoem, margi koran Sip. tiasa angger hiroepna, tiasa angger dongkap ka somah-somah noe teu atjan sabaraha madjeungna. Komo eta mah sok teu kahartos bae, sakitoe beunghar tapi butan majar mah, angger menta menta kaloe ar djadi langganana. Doeke koomaha. Soegan eta pedah Sip. mah teu aja koersbericht, teu aja kabar dagang tjara koran Walanda. Atoeh ari hojongna mah noeroetan sapertos koran Walanda teu kinten. Ngan sakoemaha piengkoeunana, apan ari telegram teh sanes saeutik-eutik ongkos. Meureun kieu mikirna noe kitoe mah: „Allah rea omong, aing mah euweuh perloena matja Sipatahoenan, bati dagang aing bae tina reboer-reboer ngerangan saboean lima ketip.“ Mangga djoeragan mangga bae maal dikeduehan kedah langganana Sip. Tah nja teu soegan kapitalist noe rek meuntjit priboei mah. Aja deui noe katjida anehna. Eta noe sieuneun koe koran priboei mi. Sakitoe pangkat loehoer tapi njangkana teh ari koran priboei mah koran koeminiis bae. Nja kitoe bae disingkana. Sip. oge boektina kieu; minangka panghormat, Sip. dikintoeun ka pirang-pirang pangagoeng, na ari prak teh aja uoe teu diboeke boeka atjan, ngan ditoehsan bae. „Kumbali tida ma e langganana.“ Tah manawi ieu mah pangagoeng toelen noe ngahalang halang kana madjoena somah. Seueur pisan ngoepeing noe njawad kana eusina Sip. Noeboen ka noe parantos kersa njawad, ngan njeohoeneun ditjorotan (diwarosan) kedah koemaha, da noe ngaloearkeun mah geuning saktien kaajaanana. Aja noe njeboet Sip. henteu ngamadjeokeun economie orang priboei. Atoeh kedah koemaha ngamadjeukeun teh? Na Sip. teh kedah ngabagikeun artos ka orang priboei Na koedoe kitoe ari ngamadjeokeun economie mah. Eta da ari penting teh noeroetkeun koemaha karesepna noe njeboet. Tjek noe saeorang ieu karangan euweuh goenana, tapi tjek noe saeorang deui, lah aja bener, aja bener, aja aloes ieu omongan, bener bisa noe ngarangna. Toeh, da eta henteu sami ari karesep teh. Nja kitoe deui timbangan sareng pikiran orang arang sami. Noe mawi oelah waka kaloear tina langganana sareng poeudeng, ari matja karangan noe rada njentoe atawa teu ngeunah keur sorangan teh. Komo oepami karanganana sanes bitjil ti Redactie mah. Boa eta teh salah noe ngarangna, lantaran meunang bedja noe teu saenjana. Noe matak rebe mah eta deui noe disiboet intellectueel (noe pinter) noe sok njatjampah, ngahina ka koran priboei. „Sk. orang priboei mah euweuh goenana, euweuh poeloenganeu nana keur dewek mah. Anggoer langganana mah s. k. Walanda noe leuwih hade“. Nanging iraha orang Soenda rek boga s. k. noe sae sapertos kitoe, oepami noe ajenna teu disokong teu dibantoe teu dibeteres koe noe djadi intellectueel. Apan deungeun deungeun oge meureun mimitina mah goreng bae saperti orang. Ari pribados mah teu njaram teu naon oepami, noe palinter langganana s. k. Walanda, margi pribados oge angger langganana s. k. Walanda, na

ninging tara mitjeun, kedah bae langganana ka salah sahidji soerat kabar priboemi mah. Hanas eta eusina teu resep, teu mangpaat keur pribados, nja dikomahakeun, da teu atjan rea s. k. basa Soenda teh. Malah sok resep oepama aja noe teu tjotjog teh djeung pikiran sok hajang meurkeun atawa ngabantah. Beu oepami noe palinter di bangsa orang kenkeuh hajang ngadjoehkeun maeh bae mah ti somah, teu daek rempoeg djoekoeng ngapiing noeng toen somah saeutik eutikeun, iraha atoech bangsa oerang teh rada manggih kasenanganana, boe meureun bangsa oerang teh saratoes taoen deui oge angger keneh bae saungara aja dina martabat kaabdian saperti ajeuna. Hoermatna A. a.

Notulen Verg. tjab. Pasoendan Bogor, di Societeit

Pamitran dd. 25/26 Nov. '25. Bestuurleden anoe saroemping: Djr. Natamidjaja adviseur, Djr. Ondoh Voorzitter, Djr. Soemahardja 2e, Secretaris, Djr. Prawirasoe-mantri 1e, Penningmeester, Djr. Darmawikarta 2e, Penningmeester, Djr. Roemantareja Commissaris. Djr. Kartaatmadja 1e, Secretaris, teu soemping, margi wagelan. Kring leider anoe saroemping: Djr. Satjaprawira ti afd. Aig. Secretarie. Djr. Mb. Enoh teu soemping, wagelan. „Darmin Mintawinata ti afd. dep. van Landbouw, Djr. Joenoes Natana, gara, ti afd. B. B. Djr. Taban ti afd. Roemah gila, Djr. Kartaatmadja ti afd. Gemeente teu soemping, wagelan. Vergadering nembuan diboeke djam 6 1/2 wengi koe Djr. Voorzitter. Ngawitan nganoehoeneun ka saduja djoeragan-djoeragan Kringleiders, reh parantos mereloekeun saroemping, sareng ka best. Pamitran parantos maparin tempat kanggo vergadering. Noe dirjarioskeun: Kaajaan Pasoendan kapoengkoer. Maksadna ngan woengkoel baris meungkeut kaom pertengahan bae. Koe margi noe tjepeng damel tea kantenan pisan sok dipoendab-pindah djadi ngadjadikeun matak oge ka Pasoendan, (ditjarioskeun pandjang lebar). Ajana Pasoendan ajeuna: Nja eta kapaksa koe ajana Regentschapsraad; djadi perloe Pasoendan miloe oeloe bioeng ajana raad tea. Koe sabab eta, Pasoendan teh ajeuna mah sanes bae meungkeut kuomem pertengahan, oge baris ngaraketkeun rahajat Pasoendan. (ditjarioskeun pandjang lebar). Toedjoean Pasoendan: 1e. Baris ngamadjeokeun Onderwijs. 2e. „ „ „ Economie. 3e. „ „ „ Kabinangkitan. Hidji-hidji pasal didadar pandjang lebar. Ladjeng njarioskeun voorstelna kanggo ka Congres. Hal ieu kantenan pisan kedahna mah dibarempagkeun koe Alg. leden vergadering, nanging ningal Bewara dina Sipatahoenan „Elat elatna voorstelna-voorstelna kanggo ka Congres kedah katampi“ dina seep sasib November, djadi tangtos pisan maal kabodjeung ngadamel kempela Alg. leden vergadering, koe margi waktosna kanteun saeutik pisan. Nanging hal ieu, pertjanten ka Djr.-djr. kringleiders sadaja keresa nepikeun ka leden Pasoendan sago-

longan-sagolongana. Verg. moepakat. Voorstelna: 1e. Basa Malajoe di sakola desa sareng di sk. kl. II. 2e. Agama di sakola. Katerangan No. 1. Nilik boekti ningal kaajaanana djaman, beuki lain, beuki lain bae, lo-baua tjatjah djawa beuki nambahan. Koe saungka 10 taoen deui kahareup tangtos kadjadian overbevolking, (aja emigratie). Tah koe margi eta perloe di sakola desa (di kl. III) diadjar basa Malajoe, di sk. kl. II s-e-paja, diadjeunkeun ti kl. III (sambungan sk. desa), margi tangtos ngadjadikeun sesah pisan keur orang Soenda noe teu bisa basa Malajoe, lamoen dia'ir dipindahkeun ka tanah Malajoe. Deui basa Malajoe teh geus djadi basa Hindia. Sagala bangsa noe aja di Hindia ngaromongna make basa Malajoe (perkara noe berhoeloengan djeung rahajat). Djadi basa Malajoe teh baris parat keur tjampoer gael djeung sagala bangsa. Dimana engke geus kaloeer ti sakola. pibekoeun njiar saundang pangan. Katerangan No. 2. Noeroetkeun pamangghina noe palinter, (Dokter-Dokter noe ahli kana didikan barcedak), baris hoedak noe oemoerna koerang ti 15 taoen, sedengna diadjar teh ngan oekoer nepi ka djam 12, panjelatna djam 1. Salah katjida lamoen rek ngamadjeokeun barcedak, dihantem dibog-troegan pangadjaran. Kaloeembranana moenggoeh bangsa oerang barcedak saungges kaloeer ti sakola teh, sok dititah ngaradi, waktosna kour meumeudjeuhna panas nja eta ti djam 3-4 (sawareh mah djam 2-4 1/2 Cor.) djadi koerang hade, matak ngaroeksak oetoeukna barcedak; nadjan oepama waktosna diadjar peuting oge, sabab boedak teh njawga 2 pangadjaran. Noemoetkeun dina polo toedjoean oemoem, „Pasoendan maal ngagang-goe kana kapertjajaanana hidji-hidji djelema tina hal agama.“ Nanging, ibarat oerang boga boedjang rek ngadjoeroe. Oerang teu koedoe sasadiaan sagala kaperloeun baris noe ngadjoeroe, tapi perloe ngadjaga kasalametanana boedjang tea. Tah Pasoendan dina lebah dieu, lain rek ngagoegoeloekeun agama, tapi perloe miloe tjampoer, ngadjaga kasalametanana rahajat Pasoendan. Sabab: Ningal kana kaajaanana djelema-djelema beuki lila beuki soes-sah koe hal pangoepeadjiwa, bajaran sakola oge karasana koe djelema-djelema beurat. Djadi lamoen disakalikeun djeung waktos sakola mah, bajaran teu nambahan, boedak maal soesahjeun (beurateun) teuing koe pangadjaran. Tjeshan eta keneh-keneh bae beurateu da diadjar 2 roepa? Henteu, sabab saperti di H. I. S. tas diadjar Soenda toeloj diadjar basa Walanda. Saha noe ngadjarana? Pasoendan Bogor baris reureudjeung djeung koempoelan mana bae dina anoe sadjalan tjontona: Wadana djeung Mantri goeroe teekang papanahan. Tah dina lebah papanahan mah teu ngingetkeun pagawean Mantri Goeroe doeanana teekang papanahan. Dina lebah dieu perloe Pasoendan reureudjeungan djeung S. I. sabab eta mah kawadjiaban S. I., Pasoendan perloe miloe, nitanan kana prakpraka-



nana ngadjar agama oelah nepi ka kadjaran, tjara ajeuna, loba keneh goeroe-goeroe ngadji noe prakprakanana ngenakeun pangadjaran teh, pababul-bedul djeung elmoe sakola, djadi perloe dipingpiu.

Waktosna saminggane 2 kali atawa 3 kali lilana noeroetkeun kana pangadjaranana.

Verg. moepakat.

Verslaggever.

N. B. Saparantos Verg. ditoeke, koeroenjoeng saroeumping leden ti Pandhuita seueurna 35 lid.

Djadi njaksian kana kaajaanana koempoelan (voorstelan - voorstel) kanggo ka Kongres.

S.

## H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.

Kapoengkoer dina Sipatahoenan parantos ditjaroskeun, jen dina sasih Juli 1926 di H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja bade diajara voorklasse. Kapoengkoer masih lalimoenan keneh, nanging ajeuna rada-rada tiasa kadjaran eta lalimoenan teh, margi parantos nampi katerangan ti Departement O. en E. kenging ngajakeun eta voorklasse.

Ajeuna soepados tiasa ngira-ngira sabaraha piseueureunana moerid di voorklasse, njehoenkeun soepados sepeoh-sepeoh noe bade ngalobetkeun poetrana ka H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja, dina sasih Rewah soepados ujudak moerangkaliha ka H. I. S. P., soepados dina waktosna tiasa nja jagikeun sabaraha pitjakepeun hangkoena. Disoehonkeun oelah lat teuing, bilih sepeun tempat sareng ka Bestuur soepados ti awalna tiasa ngilari naou noe perloe keur voorklasse tea.

Seueur pisan noe njangka, jen noe ditampi ka H. I. S. Pasoendan teh baroedak oerang pribomei woengkoel. Ieu sangkaan lepat.

Koe margi H. I. S. P. kenging Soehsidi ti Goeperehen, djadi atoerana oge kedah talok kana atoeran H. I. S. Goeperehen.

Ari atoeran di H. I. S. Goeperehen kieu: Oepama di H. I. S. sanggeusna nampa oerang pribomei aja keneh tempat, beunang baroedak bangsa sedjen Tieng Hwa atawa Arab ditampa. Tah kitoe dina atoeran nampa moerid.

Ajeuna di H. I. S. Pasoendan oge kitoe. Oepami dina hidji taon bade nampi 45 moerid, ladjeng di antawis noe njehoenkeun tea, ngan aja 40 bangsa pribomei noe tjekap oemoerna sareng saes-saesna deui, nja tiasa nampi lima moerid bangsa Tieng Hwa atanapi Arab. Djadi oepami dina waktos ngalobetkeun aja sepeoh bangsa Tieng Hwa atanapi Arab noe kagoangan poetra bade dilebetkeun ka H. I. S. Pas., sse njariis bae ka noe djadi kapala sakola. Oepami aja tempat tangtos eta moerangkaliha sedeng keneh oemoerna s. s. t.

Teu kinten manghandjakalkeunana wireh taon taon noe parantos kalangkeng ti pihak Tieng Hwa aja noe bade ngalobetkeun poetrana, nanging teu kersa njariis, lantaran teu oening kana atoeranana. Tah ajeuna soepados sadaja djadi oeninga.

Hormatna  
Schoolbestuur Pasoendan  
Tasikmalaja.

## Ngaberesihan noe dikiroh.

Dina Sipatahoenan no. 19 Redactie ngalobetkeun panalek boekoe Sadjarah Kangdjeng Nabi Moehamad, sarta nembongkeun ka teu paoedjoenanana tina pihatoer noe ngalobetkeun eta boekoe. Waktos noelis ien karangan eta boekoe diboeke deui, toeh dina djlidna disebatkeun: "Dikaloearkeun koe toko boekoe Taman Oesaha Bandung".

Tapi, soepados oelah disebat akoe-akoe angga, di djero eta boekoe, di waktjakeun, jen toko boekoe Taman Oesaha teu miloe kana eusina, teu mi loe kana basana. Jaktos soteh ngiring ihtiar neangan akal sangkan eta boekoe tiasa dikaloearkeun.

Naon margina noe matak kitoe? Margi boekoe noe saroepea kitoe koe koering dianggap perloe pisan pikeun batjaan oerang Soenda, anoe pantes terang kana sadjarah Kangdjeng Nabi Nanging koe lantaran noe ngarang poetra haring gantjang gantjangna eta boekoe kaloear, nepi ka toko boekoe Taman Oesaha henteu dibere matja

heula kopena. Noe mawi disebatkeun babakoena ihtiar noe ngarang koe andjeun, soepados dina dongkapna pamoejji, toko boekoe Taman Oesaha teu pipolesun. Eta katerangan diraus perloe, margi kabiasaan noe ngaloe- arkeun boekoe teh sok tjampoer kana perkawis eusina. Katoeroeg- toeroeg noe ngarang katembongna jakia jen eta boekoe sse, doegi ka ngungkusan njitak oge koe sorangan bae. Naon atoeah gawena toko boekoe Taman Oesaha? Oentjag intjigna ka drukkerij mastikeun ongkosna, ngadjoelua enz. Babakoena kenging njitak digoendoekeunana di toko boekoe Taman Oesaha, noe dikirim-kirimkeun, anoe diagenkeun ti dinja dongkapna. Hartosna: dikaloearkeunana ti dinja.

Doepi koe redactie Sip. disebatkeun toko boekoe Taman Oesaha ngan oekoer menta eta boekoe dikaloearkeun doegi ka mentana oge ditjatak kandel. Menta dimana? Maugga lingali di loehoer boh dina ketjapna boh dina maksadna teu aja: menta. Doepi ieu doegi ka margi teu poegoeh njanghoeloe.

Redactie Sipatahoenan bingoeing koe maha, ka mana sok-sokanana lamoen noe maratja rea panalekna. Ka mana? Atoeh tangtos bae djalanana ka noe ngaloearkeun, noe mawi ditjatak dina djlidna oge. Koemaha? Doeka ari koe mahana mah, nja koemaha noe kagoe ngan panalek bae. Dina oenggal boekoe oge noe kitoeana mah tara dibad- djer beaskeun, da dianggap noe maros parantos tarungali.

Hormatna  
Toko boekoe Taman-Oesaha.

## Pihatoer Redactie.

Redactie tetep njeboetna dikiroeh koe Toko boekoe Taman Oesaha, karanganana Djoer. Datab teh, sarta ieu timbangan lain timbangan hidji djelema.

Dina djlidna disebotkeun: Dikaloearkeun koe toko boekoe T. Oesaha ari di djerona aja basa teu miloe kana eusina, teu miloe kana basana. Jaktos soteh ngiring ihtiar neangan akal sangkan eta boekoe tiasa dikaloearkeun.

Ajeuna, Redactie njaho, koe katrangan beh dieu, jen toko boekoe Tamun Oesaha "oentjag-intjig" ka drukkerij, make bisa mastikeun ongkosna sagala, ari tadi?

Jaktos soteh ngiring ihtiar noangan akal sangkan eta boekoe tiasa dikaloearkeun, kahartina koe Red. saekoer menta.

Naon toko, noe jaktos teh? Het Voorwoord van Meuffrouw toko blift een "ontsiering", voor dat boek en voor den schrijver, iets dat overbodig is.

Pihatoer Toko tetep kiroeh (sareuk-seuk) keur eta boekoe, teu raos keur noe ngarangna.

Ngaberesihan koe katrangan, noe di loehoer teu katapi, doeka oepami eta pihatoer dileungitkeun.

Noe maratja rea panalek .... handjakal lepat njitakna, benten sareng kope, kedahna mah: Noe maratja ieu pana lek . . . djst.

Djadi Redactie disangka bingoeing teh, hmh! henteu.

## Kamadjoean atawa kamoenderan boedak ajeuna?

Sok mindeng djsim koering nga banding-bandingkeun djamun djsim koering keur boedak djeung boedak djamun ajeuna. Nilik kana kaajaan baroedak ajeuna leuwih palinter tina perkara elmoe Sakola, pangabisa, oge perkara ka . . . . . gorengan.

Sagala kamodelan-kamodelan noe anjar kapanggihna diboekekeun sarta diloeangkeun ka moerid-moerid. Ujadi pangarti kolot-kolot baroedak henteu mantra-mantra dibandingkeun djeung pangarti boedak ajeuna. Djama kiwari mah oetuk baroedak teh geus pinoech koe kunde saperti Natuunkunde, Dierkunde, aardrijkskunde dj. st. Oepama baroedak waktos pakantjidi imah was-wis-wes fasehat ngomong basa Perteges; kolotna mah bati bengong bae patjamper djeung atoh boga anak pinter.

Tapi edas, handjakal leuwih ti handjakal, rata-rata baroedak teh sok keuna koe hama. Pare koe hama beunang ditarekahan, aja tambana pakeun ngabasmu hamana. Ari hama baroedak beunang oge dibasmu? Naon hamana teh?

Datangna hama atawa kagorengan 1. tina tjatjamperan  
2. matja boekoe (roman).

3. Laladjoaneun saperti bioskop bangsawan dj. s. t.

Koe oerang oge karasa dina perkara tjatjamperan; lamoen tjampoer djeung noe latjoer kabawakeun latjoer (ieu tergantoeng tina kakoentana, noe gede hawa napoena tangtoe leuwih babari kagodana).

Komo di baroedak noe teu atjan boga pikiran kadoea leutik, masih sabongbrong. Didadaran goreng, paggedena teh sok teroes goreng. Noe geus kapendak koe djsim koering nja eta omongan-omongan noe tjawokuh, ketjap-ketjap noe bobogohan lantaran ngadenge ti kolot. Babakoena noe sok ditoeoran "koe baroedak teh nja eta sisindiran ti noe tarembang. Oge kana djoengkir atawa hangsawan baroedak teh sok dibarava koe kolotna. Noe teu pantes tea boedak 5-7 taen geus njaho di bogoh ha, ha, ha! (malah langkoeng ti kieu, Cor)

Tjik saha noe boga salah? Tjeuk djsim koering kolotna. Djsim koering sok ngadenge hidji indoeing boedak keur mawa oelin anakna oemoer 2-4 taen, ngomong ka boedak tanggana noe kabeneran njampurkeun: "Toeh njai kabokoh, tatang."

Baroedak oemoer 6-7 taen ka loehoer boh awewe boh lalaki, oepama hareurenj teh sok silih djandjaroelekeun. Kadjeun baroedak noe teu sarakola, lantaran teu dieoeres atawa euweuh babau keur ngoeroesna, geus teu kapalang, tjalon djelema djabat. (goreng Cor.)

Oepama geus dinuwatoean teh geus teu meunang henteu koedoe nepi kana alaekeom-salamna.

Beunang disebot meh kabeh djelema noe terpeladjar geus maratja boekoe roman. Koemaha rarasaan oerang dina waktos matja? Eta boekoe-boekoe noe kitoe teh katjida mangpaatna lamoen koe oerang ditjokot hadena, noe gorengna oelah ditoeoran. Tapi pikeun boedak eta boekoe teu hade katjida, lantaran beula deui pamilihna. Hawa napoe goreng gantjang timboelna, nja ba loekarna 1 loba ngalomoen, 2 emboeng diadjar, 3 djadi getapan (zenuw-achtig) lantaran zenuwen roesak.

Ajeuna di oerang geus roa boekoe-boekoe batjaan noe marodol, pikeun kolot, tjitjiren bangsa oerang madjos. Pikeun noe openan mah eta boekoe boekoe teh ngadatangkeun bahlha gede pisan, nja eta sok radjeun dibaratja koe baroedak.

Saha noe teu njah ka anak? Tjik, lamoen njah mah oelah tjileureun, boedak diantep sakarepna. Intip koemaha tingkah-polahna boedak, djaga pantjaindirana, oelah ditioeng geus hoedjan; geuning suoe sepeoh: Oelah sadenge-dengena ari lain dengekneunna mah, oelah sabatja-batjana ari lain batjaeunana dj. s. t.

Tah tjek timbangan djsim koering, baroedak teh geus tjatjad, ibarat petetan koe hileud. Euweuh deui pan- misloendoerna baroedak teh lantaran bibit bibit kadjabatan gantjang djadina; komo ningsang di boedak bodo mah beuki moededes bae. Noe leuwih-leuwih ngareksak nja eta boekoe-boekoe roman basa Walanda. (Soenda ge ajeuna teu kirang Cor.) pikeun kolot oge henteu hade.

Oepama eta boekoe boekoe saperti Eulis Atjih, euweuh matakna mah, meureun diajakeun dina bibliotiek atawa didjieun boekoe batjaan pisan di sakola. Sakalian ngawartosan ka toko-toko boekoe, ka baroedak, bangsa boekoe-boekoe noe kitoe oelah didjoel, sanadjan piwarangan kolotna oge.

Oge ka toekang ngarang, selang-selang ngarang dongeng-dongeng noe pikaloetoeun boedak, saperti di bangsa Walanda!

Hama noe katjida djahatna nja eta bangsa laladjoaneun saperti: reog, topeng, tjelempoeng djeung sabangsana. Anoe maratja tangtos pada terang, koemaha prik-prakanana djeung ketjap-ketjapna bodor atawa doger.

Oge bioskop pikeun boedak teu kasoep hade. Lamoen nendjo noe keur silih tjimeun noe laladjo teh ting aradoeh, sarta ngadak-ngadak hate ratoeg ngudin toetoeinggoelan, lantaran . . . kabita.

Komo baroedak mah soerakna ge pangtjarna bawaning koe soeka.

Poegoeh oge djalan kadjabatan mah ngaboeloeingboeng, teh tjara djalan kahadene, kasalametan loba boerangna. Lolobana djelema ten ngadjoedjoer napoena, rassa maneh euweuh noe njisikeudi. Malah sok aja noe njariis kieu: "Naha bet barang geureuh teuing, rek ngeunah rek teu

ngeunah karasa koe sorangan. Mana diajakeun oge wadjab dilampihkeun meungpeung hiroep, da geus pae mah nangkarak baed."

Kolot noe geus tjoetjoed boeroengna, anakna oge sok kabawakeun, geuning aja paribasana: anak merak koekoentjoengan, tapi henteu kabeh.

Lamoen njeoesed perkara hakekatna eta paribasa teh keuna, (tina hal ieu aja dina boekoe Adji widji).

Poegoeh djelema teh pada boga wirasat hade djeung goreng. Tapi ihtiar mah koedoe, mitjeun noe gorengna. Oetamana ngadjaga boedak koedoe ati-ati teh ti sangong bisa ngomong, da ari geus gede sarta ngambeu kadjabatan mah hese dio- meanana. Papatah teh tjara tjara tjai dina daoen taleus bae.

Lolobana djelema kakara eling lamoen geus karasa pait-peuheurna. (ana malik djadi njoso Cor.)

Baris disamkoeng

R.

## Pasoendan Bogor.

Tjoendoek waktos, ninggang mangsa deg deui Pasoendan di Bogor kaloear kadoea kalina.

Ngadegna Pasoendan noe barang mimiti, teu kinten reugreugna, montok djadina ngemploh duoenana, wireh noe ngaloeoloeokeunana. bangsa djem polan-djempolan bae (tjek oerang Bogor mah. S.) sap. Djr. Odang Prawi- riredja.

Djr. Hasan Soemadipradja Djr. Wang- samihardja. K. Dalem Mester . . . . . enz.

Boehna teu kirang-kirang "Djadjaka Pasoendan. Societeit . . . . . enz. Moeng handjakal harita teh oesoem Influenza, atoeah Pasoendan oge katout karoeang, djarah ka Belender.

Koemaha ajeuna?

Ajana Regentschapsraad. ngahoed- dangkeun oge kana Soekmana Pasoendan njeoerop ka noe hiroep. ngugel- keun noe aja, lantaran kapaksa koe pangaboetoe, teu idineun Pasoendan diantep. Da pohara lebarna pertjaban Regentschapsraad di Pasoendan oerang Soenda (Pasoendan), teu aja senapatina di dinja.

Iraha deui waktosna lamoen henteu ajeuna.

Koe sabab eta kapaksa Pasoendan di Bogor dihoedangkeun deui.

Pasoendan noe marhoem, doegi ka djadi, datang ka mangsa teh taja sa- nes lantaran organisatiena Pasoendan kirang beres; beresna organisatie Pasoendan goemantoeng kaajaanana leden, da saanao noe djadi bestuurna tedak "Poerabaja", oge oepami noe djadi lid kirang nohonon kana kawa- djibanana mah baris kaperloean koem- poelan, nja kadjabatan koempoelan kirang madjengna tea, toengtoengna . . . . . ; da teu kenging koe tanaga bedas, rongkah gede angkeuh, babakoena mah nja koedoe ngahidji sabiloe- loengga; moal aja bestuur moen teu aja leden.

Noe parantos-parantos Pasoendan teh ngan woengkoel baris meungkeut ngaraketkeun kacoem pertengahan bae ari ajeuna djoembilah teu pilih boeloe menak koering pinter bodo asal noe njah, roemasa aja dina lingkoengan (bilangan) Pasoendan ditampa djadi lid.

Njawana koempoelan teh doeit, doeit ngalantaraneun lembekna koem- poelan, nja eta hal contributie.

Lantaran beurat contributie ngadja- dikeun halangan kana madjoena koem- poelan. Maksoed Pasoendan Bogor na- djari teu ageung dapon majeng.

Contributie diaotok kieu:

Pangasilan nepi ka f 15 = 5 sen  
" " " " f 26 " " f 50 = 10 "  
" " " " f 51 " " f 100 = 15 "  
" " " " f 100 ka loehoer = 25 "

Djsim koering katjida boenggang na bakating koe atoh reh Pasoendan Bogor parantos tiasa oeloe bioeng kana ajana Provincialeeraad sarta paran- tos tiasa madjengkeun djago pildideun Provincialeeraad nja eta Djr. Dr. Sam- soe Koesoemasoebrata, tjatjakan karek tjeh mah.

Waktos Pasoendan Bogor ngilari picandidature lid f rovincie, pohara goepoej-gapajua, lienk euweuh ragap taja da kantenan pisan kedah noe njeomponan kana maksoedna Provin- cie; loengak-longok ka ditoe ka dieu teh teu aja bae. Saes teu aja noe njeomponan baris lid Provincie, se- eur oge noe katoeng tapi tatjanlebet Pohara ngenesna, ehm . . . . . deu- deuh Pasoendan, ari ras ka milik na

aja kadar . . . . . teu tjara deungeun- deungeun, bangsa djempolan-djempo- lan teh tjoehtjili makihikeun, dangah tatandang di tengah medan.

Koemaha di oerang?

Noe boekti mah di Pasoendan, ka- kara hidji nja K. Dalem Tasikmalaja teu kedah dibedjer beaskeun deui ka- saenanana boektina Pasoendan Tasik sakitoe seungitna.

Lamoen heug sapasoendan kitoe, ta- da teuing libarna Pasoendan teh, mo- al lepat sapertos kasorotan lajoeng . . . . . seungit manis ngadalingding- meureun.

Da Tasik mah geuning, djleg sako- la, deg drukkerijna anoe Pasoendan, pangluangna majeng oenggal ming- goe ngoelijeng.

Koemaha ari di tempat noe sanes? Sigana teh, diloeimankeur pisan. Nja ti batan henteu mah, leuheung bae ari aja mah, montok henteuna mah djadina, eta mah koemaha mi- likna Pasoendan bae.

Ari Indramajoe, Tjirebon, Koen- ingan, Madjalengka kaasoe bilangan mania eta teh?

Djawa—Soenda?

Oepama ka Djawa meureun leba noe asoeop B. O., ieu mah henteu. Hih! Soenda.

Atoeh geura proeng adegkeun Pa- soendan, da teu koerang-koerang bangsa djempolan di dinja teh.

Geura leuepan ajana Provincie. Keur saha eta teh?

Saha noe koedoe ngadjalankeun teh? Saha noe baris ngarasa ngeunah teu ngeunahna?

Oepama 13 leden Provincie bangsa pribomei teh Pasoendan sadaja, siga koemaha pialoesunana boehana eta pamarentahan. (Ngalamoen S.)

Tjenah, eta Indramajoe Tjirebon mah Djawarah; na matak naen la- moen Soendareh, da teu rek mentang- keun basa, noe perloe teh rempoegua, nja eta baris ngoedag kamadjoean tanah Soenda.

Sedeng noe asoeop Provincie Pa- soendan teh nja eta: Banten—Batawi Priangan sareng Tjirebon.

Tah Batawi oge matak naon lamoen Soendakeun busana tapi kaperloea- nana oerang hidjikeun djeung Pa- soendan da aja dina bilangan Pasoen- dan.

Pasoendan Bogor laksana oge mak- soedna, nja eta ngadidaatkeun Djr. Dr. S. Koesoemasoebrata tea dikaboel (kapilih).

Moegi-moegi bae djoeragan Dr. S. K. ajana dina medan Provincie teh sing mangpaat baris Pasoendan.

Kantenan oepami nilik boekti ni- ngal kaajaanana leden Provincie mah matak seunggh, horean, da Pasoen- dan mah moeng sabaraha siki.

Nanging nadjan kitoe teu weleh- weleh pangharepan

Lid Pasoendan Bogor

Semahardja.

## Pest di Tasikmalaja.

Geus leuwih ti sakali pribadi noelis dina Sipatahoenan, soepaja oerang Priangan djeung oerang karesidenan sedjen noe tajan katepaan koe pest sing ati-ati, taki? ti ajeuna, ditioeng- samemeh hoedjan, djaga pest soepaja oelah bisa nepi ka Priangan. Tapi didenge-dengekeunana, teh euweuh pisan noe malire kana eta karangan, boh ti pihak somah, boh ti menak. Roepana teh ngan mertjajakeun bae koemaha takdir. Poegoeh bae takdir mah saha noe njaho, tapi ari ihtiar mah apan oerang teh koedoe. Oelah abong- abong pertjaja kana takdir toeloerj emboeng digawe, toeloerj njalangp- keun soengoct roegan aja laloeur asoeop.

Noe dipikarisi ti bihari dipikasieun ti babula ajeuna pest geuskadjaran di desa Tjigombong, distrik Tjawi bawahan Tasikmalaja. Kabeneran noe kiterapna Koewoena pisan. Moega- moega bae pest oelah nepi ka njalia- ra di Priangan.

Ngan handjakal salaksa handjakal tjing atoech lamoen ti bareto taki taki didjaga oelah nepi ka kadatangan pest.

Moen ti bareto diajaan noe marik- sa ka desa desa koemaha kaajaan imah-imah, na eta imah teh pestvrij atawa henteu, meureun kadjeun teuing aja oge noe katepar pest, moal panasaran, nja eta meureun koe lan- taran geus takdir tea. Ari ajeuna mah koe sabab euweuh pisan noe mariksa di Priangan koemaha ka- ajaan imah-imah, sakitoe pest geus deukeut pisan nja eta di Koeningan



nja teu kira kira asa, handjakal lan-  
taran teu didjaga ti bareta, soepaja  
pest oelah nepi ka Priangan. Mang-  
kaning oepama pest geus njanjana di  
tempat noe hawana tiis, hese pisan  
dibasinna, nja boektu di Bojohali,  
Wonosobo, Temanggoeng enz. Kabah-  
jang teh ti bareta oge tjing Pamaren-  
tah majoengan abdi-abdina samemeh  
hoedjan. Oelah saperti noe enggeus-  
enggeus, di hibi temp t kakara dia-  
jann pestbestrijding, oepama eta tem-  
pest geus kutoelaran koe pest.

Boektina pest benang didjaga,  
oepama sagala roepu bersih, di tangsi  
sardade. Oepama teu salah di tangsi  
tatan aja djelema noe katerap koe  
pest.

Kahade doeloer doeloer di kam-  
poeng sing ati ati, imah bersihah,  
boehoerak beurit, ngingoe oetjing boh  
naon bae, oelah koerang terekah, moegi-  
moegi Goesti Allah mangajoeungan ka  
oerang sakabeh oelah aja noe katerap  
deui koe pest, Amin!!!

### Paparin ti Ejang. Samboengan.

176. Kana ridjki saculik andjeun  
koedoe narima.

177. Nendjo noe roepana hade koe  
andjeun oelah dipikabogoh, tapi koe-  
doe mikares-p.

178. Sagala papastan anoe toemiba  
ka andjeun koedoe ditarima, lir ibar-  
at kana beungu, sarat kana sorangan  
hade goreng oge geuning kapaksa bae  
narima.

179. Oelah angkoech doemeh aja  
pangaroeh, oelah sirik doemeh sacul-  
tik milik.

180. Ka awawe ka lakuk oge oelah  
mindong-mindong diduleu (oelah di-  
teges-teges).

181. Ari ngaran akoer, koedoe bisa  
lolondokan.

182. Batoe beunang dibelil, tapi  
hade djelema teu beunang diwarah,  
teunana alah batan batoe.

183. Oelah neogorengkeun batoer,  
ari saroea pula goreng mah.

184. Kana doeti oelah katjida teun-  
ing, njanjkana matak senang tapi  
koedoe dipikir anoe leuwih panjang.

185. Ti hiroep nepi ka paeh, oelah  
kabedjekan goreng.

186. Samajan netepan roekoen Is-  
lam noe 5 perkara, tapi maksoed hate,  
hajang sawarga, eta masih kase-  
boet bodi (salah) moenggoeh noe o-  
etama mah, katana netepan (ngalako-  
nan) parentah . . . . .

187. Ari doeti mah, ngan oekoer  
djad sarat kahitapan.

188. Hitar emboeng (teu poeroen)  
tapi ari kaelekkeun koe batoer henteu  
ngaremah.

189. Neungan elmo (pangarti) leu  
wih perloe tiumbang neungan doeti.

190. Lamoen memeh ngomong di-  
pikir henteu, eta saroea djeung nean-  
gan kasalametan.

191. Mending mana "Soesah keur  
ngora" djeung "Soesah geus kolot"?

192. Ati-ati rok ngomong, saroea  
djeung nendjo tjekang noe rek di-  
tutak.

193. Ka noe meunang oentoeng,  
andjeun koedoe soekoer, semawona  
lamoen doeloer andjeun anoe oentoeng.

194. Oelah ngagoegeos napsoe teun-  
ing, katana ari napsoe mah, mimin-  
deugna mawa kana salah.

195. Ari njaho kana barang hade,  
koedoe njaho barana, ari hajang  
beunghar koedoe njaho hese tjapena.

196. Bisa ngalungitkeun kapoe-  
sing (saroelet hate) njaho di pauga-  
djina hiroep.

197. Kadohoeng djeung handeul  
biasana panleuri.

198. Lamoen bisa mah pikadoe-  
hoerengeun, piband-neuleun teh dibeu-  
lakeun bae (dipikarna).

199. Kalkoean henteu ati-ati sa-  
roea djeung neagan pikarodeteun  
(pikapoenging).

200. Emboeng ngadonga papatah,  
saroea djeung emboeng (henteu ha-  
jang) kana kasenangan.

201. Oelah waka hajang ngarawoe-  
an, tapi koedoe loukeun ngarah sa-  
eutik-saeutik.

202. Anoe milang nepi "ka sare-  
bue" henteu oedjag-oedjag saratoes  
doea ratoes, tapi sabidji doea, tiloe,  
sateroesna . . . . .

203. Toeloer toeloer oelah lam-  
pah ngedol, jain matak soesah-jak-  
na bae; tapi ka batoer oge matak  
njoesakheun . . . . .

204. Ngandelkeun pitosoleng ba-  
toer, ngan sakaliun sakopone (sa-  
brakeun), ari noe soeson-soson mah

nja koedoe awak pribadi.

205. Samemeh njawad (ngabantah)  
omongan batoer koedoe diregepkeun  
heula.

206. Berkara bebener teu koedoe  
di kolot bae, di boedak oge ari njaho  
mah di bener perloe toeretan.

207. Mitjeun doeti babari tapi  
mitjeun lampi anoe goreng harese.

208. Oelah waka nganjahkeun el-  
moe loba-loba, ari teu bisa makena  
mah, kadjeun saroea ari diampah-  
keun matak mangpaat.

209. Awak djelema koerang ka-  
koetan, tapi lamoen bisa ngajalan-  
keun akal noe sampoerna, koetan  
leuwih ti sato, gagahna leuwih ti  
toekang perang.

210. Djelema mah koe ngoro-  
anoe bener oge, geus njaho djan  
kasalametan.

211. Pagawean hajang enteng,  
bebeunangan hajang oentoeng, mik  
padjamaanu sakiea, kawas moal ka-  
lakonan.

212. Andjeun oelah waka sanggoep,  
ari kira-kira moal hasil mah.

213. Sana-saha noe bisa ngadja-  
diri, eta naudakeun njaho djan ka-  
seunangan.

214. Sanadjan pinter oge ari hen-  
teu bener mah, kaseboet salah bae.

215. Beunghar oge (loeher harkat)  
tapi boga boetang emboeng majar  
(ngadjeleup), koe djelema pok-sarg-  
padjah maneh teh, ngabaung-at ti tja-  
angna.

216. Oelah nilik pangkatna dara-  
djatna, atawa roepana, tapi koedoe di  
taloeungtik kalakoeanana.

Mo Sa.

Samboengeun.

### Saeutik-eutikeun bab Agama.

Agama

Naon ari Agama?

Ari noe diseboet Agama teh koem-  
poerna opat perkara nja eta: 1 Iman  
2 Islam 3 Tuhid 4 Ma'rifat.

Djadi noe ngaran Agama teh teu  
beda djeung ngaran Goepernement.

Naon ari Iman, koemaha hartina?

Ari hartina Iman pertjaja, pertjaja  
kana naon, naon noe datang ti Rasoe-  
leloh Salalohoe 'alaih wassalam.

Naon ari Islam, koemaha hartina?

Ari hartina Islam, nja eta: nga-  
goengkeun kana parentahna Allah  
suehbanahoe wa ta'ala, noeroef kana  
n-on-naon dawoehna Rasoeleloh  
djeung ngaljaeohan kana tjagahanana.

Naon hartina Tuhid?

Ari hartina Tuhid ng hijikeun  
ka Allah ta'ala (henteu tjeboetkeun  
a. nekadkeun Allah teh doea, tiloe  
enz.) dina datna, dina sifatna djeung  
dina af'alna (padamelanana), djeung  
henteu aja noe ngoroan ka Allah.

Naon hartina Ma'rifat?

Hartina ma'rifat teh: njaho, pertela,  
kana sabidji hijina (datna, sifatna  
djeung af'alna), bisa (ngarti) ngaja-  
keun djeung nguwuhkeun.

Aja sabaraha ari Iman?

Ari Iman aja doea, nja eta: 1  
Iman Moedjmal, 2 Iman Moefassil.

Iman Moedjmal.

Dina ieu Iman Moedjmal aja doea  
bagianana:

1. Amantoe bilahi wa bima qol-  
lohoe ta'ala Tegesna: ngimankeun  
ka Allah djeung kana naon-naon noe  
geus didawoehkeun koe Allah ta'ala.
2. Amantoe hirroso wa bima  
qola kasoele. Tegesna: ngimankeun  
ka Rasoeleloh djeung kana naon-  
naon noe geus didawoehkeun koe  
Rasoeleloh.

Iman-Moefassil.

Dina ieu Iman Moefassil aja genep  
bagianana: 1 Ngimankeun ka Allah.

1. Ngimankeun ka sakabeh Malai-  
kat Allah.
2. Ngimankeun kana kitab  
Allah.
3. Ngimankeun kana para oetoes-  
an Allah.
4. Ngimankeun ka para oetoes-  
an Allah.
5. Ngimankeun kana p e  
achir.
6. Ngimankeun kana papastan  
hade djeung papastan goreng ti Allah  
ta'ala.

Saksina di a basa Arab:

Amantoe bilahi, wa Malaikatihii,  
wa Koetobihii, wa Roesoelihii, walja-  
omilachirii, walkodri choerihii wa jarri  
minallohi ta'ala.

Naon ari Naha geus sampoerna eta  
sakitoe teh?

Djawab: Tatjan. Ari sampoernana  
mah kieu: 1 Koedoe diikralkeun koe  
lian. 2 Ngestoekeun dina hate 3.  
Koedoe diamalkeun koe anggahote,  
sarta koedoe idjma ka sahabat opat  
(Aboebakar, Oemar, Oesmar djeung  
Ali), ka Imam noe opat (Imam Sjajii,

Imam Hanapi, Imam Maliki, Imam  
Hambali).

Sjaratna Iman,  
Koedoe resep (asli) ka Allah.

Malaikat  
Allah.  
kau kitab Allah.  
ka para Oetoesan  
Allah.  
ka wali-wali Allah  
Koedoe sengit (ugewa) ka sateroesna  
Allah.

Koedoe ngaljaeohkeun kana siksaa-  
na Allah ta'ala.

Koedoe ngarep-ngarep kana ruhmat-  
na Allah ta'ala.

Koedoe ngagoengkeun sarta ngala-  
konan kana parentahna Allah ta'ala.

Koedoe ngagoengkeun kana saka-  
beh tjagahanana Allah ta'ala.

Naon ari roekoen Islam?

Ah! ieu mah saroea oge geus pada  
terang! Tapi sanadjan kitoe taja  
salahna moen diterankeun deui,  
djeung tjobi-tjobi batja teroes soegan  
aja modelana.

Demu roekoen Islam teh lima: 1  
Ngestjap kalimah sjahadat. 2  
Ngalakonan salat dina sapoe sapeu-  
ting lima kali. 3 Mero djakat ka  
pakir. 4 Ngalakonan poensa dina  
boelan Ramadan. 5. Moengghah hadji  
ka Betoellah lamoen aja sangouna  
djeung koent di djalanana.

Naon ari Naon sababna (hikmatna) noe  
matak aja roekoen Islam lima?

Djawab: Manesa teh ngabangan  
napsoe, ari napsoe watekna (tabeatna)  
roepa-roepa:

1. Watekna (tabeatna) napsoe teh  
moengkir kana lak (moekang kana  
bener). Koesatib eta dikoeoekkeun  
matja sjahadat.
2. Watekna (tabeatna) napsoe teh  
takaboer. Koe sabab eta dikoeoek-  
keun salat.
3. Watekna (tabeatna) napsoe teh  
thoma (hawek) kana deenja, nepi ka  
sok poho kana bebeneran. Koe sabab  
eta dikoeoekkeun djakat.
4. Watekna (tabeatna) napsoe teh  
sok ramad. Koe sabab eta dikoeoek-  
keun poensa. Hikmatna poensa djaba  
ti moemman napsoe teh soepaja boga  
perasaan wadjib a. hajang moeleng  
ka noe lapar, koe sabab diina soran-  
gan geus ngarasa lapar, djadi njaho  
jen si noe lapar teh kitoe rasana.
5. Hikmatna noe moengghah hadji,  
soepaja njaho beuer (enjan njahona)  
jeu oerang Islam teh wadjib roekoen  
ngahidji, sahate). silih toeleng.

Sakitoe bae iman, ke ka hareup  
soegan hiroep djeung waras oerang  
neungan deui. Amin!

Wallahoe alam bissawab,  
Wassalam 'Alaima'af  
Sastratmadja.

Mandirantjan 10 Nov. 1925.

### Moelap.

Djism koering moal njarioskeun  
panjang hal kateranganana Moelap,  
da sadaja oge moal aja noe bireuk  
deui.

Ngan djism koering hade toemeros  
ka sadaja djoeragan-djoeragan, reh  
saget teu atjan ngartos, naon mak-  
sodna (Mānana) ketjap Moelap teh?

Naha oerang kitoe anoe dialap re-  
djekina, atanapi itoe anoe diaap koe  
oerang, soepados kalakoeanana djadi  
sae?

Margina kieu geura: Ana dipikir sa-  
liwat mah tetela pisan, mauehna anoe  
matak ngaganti Agamana teh, koe  
lantaran djalma ngudoel tea, emboeng  
oesaha da soesah, da Agama mah sa-  
daja oge sami bae, jen koedoe ngala-  
konan kana kasenan tea. Namoeng  
pancehoen ka Moelap anoe sae, anoe  
getol ibadah get-lesaha, moegi oelah  
kaisinan, djism koering di dieu bade  
njarioskeun Moelap anoe kirang sae  
tea, tjek emoean djism koering so-  
teh.

Sapertos biasa pisan dina moesim  
panen, geus teu lepat deui, kelah  
bae aja Moelap anoe ngider-ngider  
ka ngarantoeun kooli, mentan pare,  
doepi molana serat katerangan ti dj.  
Naib atanapi di Halipah. Atoeh nja  
teu woele oentoeng, da oepami pa-  
rautos seueu, kekeppingana sok, te-  
ras didjoel, ladangna teh ngango  
aja poelohna pejak.

Demu kamari ieu djism koering ka  
dougapan koe 1 djalmi, dibendo tjik-  
tak, ditaroempah, sarheng batik ba-  
djoe boekaan, saporantoe oeloek salam  
jadjeng ditjalikern.

Sabadana koe djism koering dita-

Ngilari padamel  
**Toko Universeel Agent-  
schap Nic Muller**  
Goenoeng ladoe 15 Tasikmalaja.  
Ngilari sawatawis nonoman noe  
ajuna-ajuna bade d'adjar djadi toekang  
ngadjoel di loear kota.  
Noe bakal ditampi moeng noe nga-  
gadochan serai-serat sarilpkat (kateran-  
gan) saras bae.  
Langkoeng sae oepami noe bade  
didamel tea masihan boreh.  
Serat rekasan sareng katerangan-  
katerangan noe tjekap ka  
**Nic Muller**  
Tasikmalaja

### ERTIJANI

Verpleegster. Kabang-  
sren Roemah no. 58  
Gang 70 Soerabaja.  
Boleh dipanggil di-  
mana-mana.

### KEMBANGGOELA HOPJES.

JANG PALING ENAK.

Per blik isina 400 bidj f 3,—  
Boel djoeal lagi per peti is 4  
blik f 4'0 bidji f 10,—  
STROOP jang paling enak  
per fl. f 0,50  
voor dieawal lagi  
1 peti is 10 fl. . . . . f 4,—  
Terisi Roepa-roepa, saperti  
Frambozen, Rozen Citroen,  
Ananas, Pisang enz

LOTRIJ OEWANG  
OLYMPIADE  
Hooftprijs f 150,000  
Trikna 1 Juni 1926  
Harga Contant per lot f 11,—  
Kalo Rembours „ „ f 12,—  
Harga jang di-boel diatas  
laen unkor kirim.

Meltingken boleh dapet pada:  
**DJIGOATBING:**  
SEMARANG.

### AWAS! OELAH KALIROE.

Kantja-Kantja Awas!  
ROBAHAN PENTING  
Ditoeroenkeun Sewaan

Emoet! Emoet! Kantja-Kantja  
Toeloeng: Oesaha Oerang Karangnoenggal  
(O. O. K.)

Saban dinten ngadjalankeun doea Autorus:

Ka I. Karangnoenggal—Tasikmalaja, tempatna di Ka-  
rangnoenggal Omnibus Fiat.

Ka II. Tasikmalaja,—Karangnoenggal tempatna di Ta-  
sikmalaja (Tjhibeung Nagarawang) Ford.

WAKTOSNA:

Noe ka I. miosna ti Karangnoenggal taboeh 6 endjing  
" ti Tasikmalaja " 1/2 2 siang

Noe ka II. " ti Tasikmalaja " 1/2 7 endjing  
" ti Karangnoenggal " 11 siang.

Ongkos-ongkos neomoetaeu Annibus noe sanes, ditanggal  
mirah, mangga raasan, tjobian.

Hoematna Bestuur O. O. K.  
**SOEDJAJA**  
Voorzitter.

### Dr. TAN TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjoeket Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina  
Dr. Dr. Saleh Marhoem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.

Waktosna.  
Endjing-endjing 7-9  
Sonten 4-5 41

Eere diploma ti Groot Tentoonstel-  
ling Tasikmalaja. 1925

### Koek - en Banketbakkerij

Fabriek  
**RADEN NATAMIHARDJA**  
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajadi koeweh-koeweh  
teh disajagikeun tempat ngaleoutna  
noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloea-  
nana koeweh, sapertos: boembena,  
klosirna sareng kembangna oge, panga  
os kenging badanten.

Tiasa mangdamolkeun ijs poe-  
ter noe sajaktosna, dina 1 Liter tim-  
bangan paggos f 2,50 doegi ka f 5—  
ditanggal sae.

Noe ngantos  
17 **Raden Natamihardja.**  
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

### Perloe Oeninga.

Mangga aos mangga tloban mangga  
boektikeun salamina nampi roepi-roepi  
padamelan pangango pameget atanapi  
anggoan. Miroerangkali noe oidamel-  
na ditanggal sae sareng rapih, oge kan-  
tenan disajagikeun lawonna roepi-roepi  
sareng nampi kenanan ngadagdosan  
roepi-roepi banga erlodji kalajan disaja-  
gikeun saporatna.

Diantos pisan kerna niobian sareng  
enggal pesen Ongkosna (panpasna) di  
tanggap mirah.

Hoematna poen  
**SASMITA**  
Kleermakerij en Horlogemakerij  
merk  
„Malah Mandar“  
Stationsweg 21  
TASIKMALAJA.

Djoeragan sareng saderek oelah  
kabelokan, moal aja noe bireuk, moal  
enja henteu oeninga, ka Pasar baroe  
Tasikmalaja. Pileri bae dina roangan  
No. 1 Los letter B. di dinja aja waroeng  
GENDONG (bangkalan) anoe parantos  
kasohor kamirabanana sareng marodel  
barangna mangga soemping saban din-  
ten oge boeka di adjeng pisan.

Hoematna  
**Mh. SATIBI**



ros, ti mana boemi, naon pikersaen. Doepi walonna rorompok di Tasik, tje-peng damel djadi . . . . . ngan lepat teu ditaras desa naon, doepi wastana Abdoel Gopoer, maksadna bade djara-rah nepangan oemat Islam. Ti dinja pribadosna njodorkeun katerangan anoe ditawis koe djoeragan-djoeragan Naib sareng djoeragan-djoeragan Halipah, oengsina jen eta Abdoel Gopoer Moealap ti Tasik, keur kasoesahan ditinggal maot koe bodjona, bade (doeka natoes doeka matang poeloeh) djsim koering lepat deui, koedoe pada haradjat doeit.

Djsim koering saparantos matja eta katerangan, teu kinten ewedna, bade mere sasen era da sakitoe gagahna, bade mere gede teu gadoeh, gautjangan dipersabean bae.

Tah koe margi eta, djsim koering teu kinten teu ngartosna. Margina ana dipikir-pikir:

1. Pang manehna ngaganti Agama-mana teh, tanda djalma moemoelan.

2. Sami sareng ngaboebesoeok Agama Islam.

Djsim koering sanes pisan sirik pidik manapek, ngan margi teu ngartos tea. Naha Moealap teh sami sareng djadi toekang djadjaloeke noe ma-ke kateranganana ti Kaem?

Hoermatna poen  
Kajakas.

### Kabar palsoe djadi . . . . .

Tetela pisan djoeragan H. Sarbini salah tapi, boektina dina Sip. No. 21 andjeunna parantos njerat anoe ngaler ngidoel tea, sadina djsim koering moal ngawalon, ngan bae bilih masih keneh salah mangartos, ieu minangka kateranganana.

Dina Sip. No. 17 djsim koering ngoeningakeun ka andjeunna, jen andjeunna aja noe ngabeken dina Sin Po, naha jaktos kitoe?

Kantenan pisan di mana-mana tempat bente: kirang anoe namina sami sareng djoeragan.

Pasal b. c. d. e. djsim koering teu terang naon-naon teu langkoeng djoeragan noe kagoengan wadjib, djoeragan anoe kagoengan dienet.

Pasal f. anoe majar padjeg elat, eta mah teu kedah digalih pandjang, lantaran teu aja sanes, ngan koe tina sesahna njai kipajah djaman ajeuna Koe margi eta panoehoen djsim koering ka pajoen, enggoning naksir padjeg pangasilan, celah ngagoroeu ginding, gagah djalmans, gede imahaan, nanging kedah ditimbang oesahana sareng di toekangna.

Margina kieu: Si A. gagah ginding imahna gede, nanging di toekangna kosong, oesahana sedeng, ngan oekoer tjokoep keur dahar.

Si B. pakeanana roedjo imahna sakandang embe, tapi di toekangna doetin meta, kana ngakadan kebon kalapa, kana ngentreskeun doeit, ana padjegna ngan 1/4 na Si A, atoh majarna padjeg teh, masing harita koedoe loenas oge, moal ngeser sila.

Hadiah seueur anoe teu stjan majar oge idem, tjindekna mah moal didjawab.

Ach-ach pasal a kaloli loli, djoeragan njarioskeun bal oeronan ngadamel Bale dessa, Kl. I dikeunaan f 7,50 kl. II dikeunaan f 5,50 kl. III dikeunaan f 3,70 kl. f. dikeunaan f 2,10 djelemana aja 404.

Tjik djoeragan bedjean ti somah 404, kenging sabaraha? sareng Bale dessa teh seep sabaraha? Kade djoeragan bilih tombok.

Sawangsoelna oepami langkoeng, kedah dibagikeun deui karoenja.

Hoermatna poen  
147.

### Goejoeb.

(Sambosangan).

Djsim koering sorangan teu pisan-pisan gadoeh pikiran sakitoe aloesna, margi koe djsim koering oge kapikir, jen oerang teh sesah pikeun ngagadoehna pikiran anoe sae, tjindekna teu stjan tiasa ngaleungitkeun. Oepami oerang nembongkeun kagojoeban atanapi karoentoetan, teges hajang di poedji batoer bae eta tanda jen palsoe, saha-saha anoe kersa toeloeng tinoeloengan sareng batoer kalawan teu mandang boeroehan eta noe kenging diangken batoer sadjatina. Margi batoer teh noe parantos kapendak koe djsim koering mah hartosna roe pa-roepa.

1. Oerang bha gadoeh batoer dina sadjeroning senang.

2. Gadoeh batoer dina sadjeroning

soesah. Tah eta saha-saha noe mendak batoer, di mana keur keuna koe soe sah, daek bela pati, nja eta pisan anoe kedah diangken doeloer teh. Tjindekna oerang kedah tiasa inget ka bangsa sorangan, satiasa-tiasa kedah silih pikaroenja. Djsim koering sok ngoeping tjariosan kieu: „Hamo ngadjoengdjoeng, moen teu didjoengdjoengkeun“. Eta teh beuei katjida, margi tjobi timbang, saha anoe bakal ngamadjoekkeun bangsa sorangan, oepami teu diparadjoekkeun koe bangsa keneh. Ari timbangan djsim koering salahna bangsa oerang teh, (bangsa oerang atawa djelema Corr), nja eta sok masih sirik pidik, pusek monapek ka bangsa sorangan anoe gadoeh kasenangan. Oepami oerang sirik kana kapinteran batoer eta hade katjida, (?? corr) namoeng oepami sirik ka noe unganggo dasi, oedoeudna soeroetoe, atanapi kana pangaboga batoer, katjida gorengna teh sabab koe lantaran sakitoe oge tiasa djadi teu roekoer sareng batoer.

Namoeng kahareupnakeun mah soegan moal kitoe, margi ajeuna parantos seueur pangasahan pikeun ngasah oetouk, nja eta sakola.

Hoermatna poen  
K. P.  
Kebajoran.

### RampogTjioem.

Dina Sipatahoenan nomer 28. Gelenjoe parantos maparin katerangan kadjadian di Amerika, tina perkawis rampog . . . tjioem.

Aneh! matak bungong! Estes loear biasa. Namoeung aja deui bae, kawana ieu mah pontjotna loear biasa, geura kieu:

Dina malem ahad tg. 28 November 1925. Di tempat Galoenggoeng Bioscoop di Tasikmalaja, parantos di maenkeun gambarna lajalon „SALOME“. Ieu gambar nembongkeun hidji Radja, HERODIAS ngaran, bogoh ka anak terena. toerog-toerog kapialo pisan, anoe ngaran „SALOME“ tea.

„SALOME“ nendjo tingkah lakoe bapa terena kitoe katjida pisan ngaweanana, toeloj indit ti tempat eta, leumpang ka tempat sedjen di djero Karaton keneh.

„SALOME“ nendjo hidji lalaki ngarana JOKONAAN, ajana dina djero pandjara dina eta Karaton. Tina „SALOME“ ngarasa kapintjoet, toeloj marentah ka goelang goelang soepaja JOKONAAN dibidjilkeun.

Sanggeusna JOKONAAN kaloear, sababaraha kali „SALOME“ masral-keun pipina djeung biwirna menta di . . . Tapi koesabab JOKONAAN hidji djelema ALIM, anoe geus soegih koe pangarti, djembar koe perkara ka acheratan, sarta geus tinggal tina kangounahan doenja tinimbang dae-keun njioem anggoer njarekan „SALOME“.

Koelantaran kahajangna „SALOME“ kenteng, majeng, toeloj menta ka Radja HERODIAS bapa terena tea, soepaja JOKONAAN di teukieuk beuheungna.

Pepling.  
Aja samboenganana.

## TOKO Universeel Agentschap NIC MULLER TASIKMALAJA Goenoengladoe No. 15 Telefoon No. 26.

Roepi roepi oebar oebaran sapertos:  
Landong njeri boel  
Landong soepados tiasa koelem  
Pil koeras manis  
Landong panas anggoeun moerangkali  
Landong intjok  
Saboen anggoeun kasawat koelit  
Landong noe lembek salira soepados djagdjag

Landong gobgoj sareng megi  
Zalep boelao koneng sareng bodas  
Kompa pinareup  
Wedak roepi roepi  
Pel njenjean  
Landong njeri kahampangan  
Castor olie noe diboengkoes  
Creoline, Karbol  
Kompa istri  
Landong djeri benteung tadjam  
Oebar kokoloteun  
Landong angkeng  
Kain karet No. I.  
Landong kiat ka . . . ?  
Landong kakiatan moerangkali soepados montok

Limoen pergasi  
Landong paranti moeragkeun boeloe kele

Oebar raheut  
Oebar paranti dikoeamas  
Oebar toembila

Landong kakiatan salira  
Perban perbanan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjeloep badjoer atanapi kain kain roepi roepi warui.  
Model, moerah, aloes.  
Mangga lebet ka toko.

Noe ngantos  
Nic Muller.

### TOKO en DRUKKERIJ

Pasoendan Tasikmalaja.

Nampi sanis kanten padamelan, ngitjal watjatan anoe parenting anoe marodel, sapertos:

Batara Rama, kenging disebat poesaka oerang dina dangding basa sareng tjariosna, karangan R. Anggarabrata Boedjangga Soenda . . . f 0,65

Ardjoenawidjaja, penting esusina, basana, margaloejoena . . . f 1.—

Mintaraga Ardjoenawidjaja penting oelikeun . . . f 0,50

Pergiwa Pergiwati penting moal aja noe biseuk . . . f 0,35

Atoeran hal onwettige Occupatie (tanah mentah teu sjah) . . . f 0,25

Pangajaran Agama Islam (pangatoeranana) . . . f 0,35

Wet perboeroean . . . f 0,60

Sadjarah Kangdjeng Nabi Moehamad . . . f 0,50

perloe diaraos.  
Noe pesen leuwih ti 3 boekoe ongkos vrij.

Wawatjan Wasiat Rama moeng f 0,10 perloe kanggo persen moerangkali. di Toko Pasoendan TASIKMALAJA.

## BARANG·MODEL!

Nembe dongkap boekoe DOCUMENTEN DAGANG, esusina TJONTO-TJONTO soerat dagang, acceptatie, soerat hostang, contract, soerat boekti, rekening, soerat katerangan, advertentie, soerat kawasa, wissel, djeung sabangsana,

(Basana basa Malajoe) . . . f 1,75  
Tjarita LOETOENG KASAROENG . . . f 2.—  
Sareng rea-rea deui boekoe alanjar.

Soehoenkeun prijcourant ka TOKO BOEKOE  
L. A. LEZER  
Tasikmalaja.

## SIK DJOEN KWAN TOEKANG GIGI

Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadjana, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toekang kapalaj teh anoe parelem anoe raraoes bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toekang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoedoe ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng kopok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleung koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poeing, njeri patoangan, sepek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toekang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggal.

Nja kitoe deui njajikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koe-margi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagkeun deui panon palsoe, oelah salempang.  
Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

A noe ngantos pesenan a saroeumpingna  
SIK DJOEN KWAN  
Sarimbit.

## TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

dres anoe mirah padamelan ditanggal sae.  
Dina katoeangan-katoeangan anoe raraoes sok sering ngadjantenkeun roe oelam saladjengna kasawat waos anoe seah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawatwaos, anoe mawi kedah didjagi ti samemehna.

jeuna sim koering njajikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjadi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dieoreana koe njonja. Mangga saroeumping.

Hormat noe ngantos-ngantos  
TAN HOEN AUW  
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

## SOERAT·SOERAT POEDJIAN BOEAT TOKO OBAT HINDOESTAN TASIKMALAJA.

### VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja. Nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babatkeun tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie) Tapi sanggeusna sim koering dioebar koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet diloehoer, bisa tjageur teu dibelek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung banggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer  
H. A. Cartobie.

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:  
Dari: Toeran Buirger Noesa Kambangan Tjitapen  
Toeran Moh. Bawahir Tjitapen  
Hadji Abdoel Hamid Tjitapen  
Toeran J. A. Tan Djokjakarta  
Toeran Basiroean Delangoe Djaja  
M. Prawiro Djokja Toegoe  
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja  
R. Wiria Manondjaja Toeran L. Pieters Koetardjo  
M. Soma Tjigedoeg Garoet

**TOKO BOEKOE**  
**M. J. PRAWIRA WINATA.**  
**Katja-Katja WETAN 132. SANDOENG.**

**BASA SOENDA:**

Waw. Ranga Woeloeng . . . . .	50	Goeding goemoedjeng . . . . .	f 0,75
Danoemaja I - II . . . . .	50	Boer triwangsa . . . . .	50
Roesiah noe kasap . . . . .	1,20	Fabrik seuri . . . . .	80
Toendjoeng Woelan . . . . .	0,75	Bala Bandoeng . . . . .	50
Enden Sari Basoa . . . . .	1,—	Loeloetjoe dongeng abah . . . . .	25
Enden Jeeje . . . . .	0,75	Geloeng Bandoeng . . . . .	25
Soekma Sadjati . . . . .	0,90	Eulis Atjib I—II—III . . . . .	1,25
Ardjoena Widjaja . . . . .	1,—	Toedjoean oerang hiroep . . . . .	0,30
Doerlat noe teu pegal . . . . .	0,65	Sadjarah K. N. Moehamad . . . . .	0,60
Nabi Paras . . . . .	0,50	Babad Pasoendan . . . . .	1,10
Sama'oen (lajalon Arab) . . . . .	0,45	Hegar manah . . . . .	0,20
Pasgeran Soemedang . . . . .	0,75	Tjarita Sinbad . . . . .	0,25
Kerneng Pati . . . . .	0,15	Tjampakawarna . . . . .	0,25
Moehamad Hasan . . . . .	0,20	Tjarita si Kate . . . . .	0,25
Sondjaja . . . . .	0,20	Doea boedak sakola . . . . .	0,40
Wot Sirotel Moestakim . . . . .	0,75	Pamingplo pangadilan . . . . .	1,50

Volksalmanak 1926 Soenda-Melajoe, Djawa . . . . . f 0,80  
Almasak 1926 Buning Melajoe-Djawa . . . . . f 1.—

Teu atjan ongkos agtateskeun. Prijcourant poe-poe bae.

**TWEDEHANDSCH BOEKEN.**  
Sajagi ± 100,000 boekoe-boekoe tweedehandsch, basa: Walanda, Inggris, Fransch sareng Duitsech, Pangaoana rata-ratana kirang tina atanganahna pangaoes wewentuhan. Mangga penebet boekoe naon bae.